Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



## Гумбет районалъул газета

№ 9 - 10 (6529) 20 февраль 2017 с. Жумадул авал 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

# ВатӀан цӀунулезул къо

ХӀурматиял КӀудияб ВатӀанияб рагъул гӀахьалчагӀи, Армиялъул ва флоталъул ветераназ, гьабсагӀат Россиялъул Армиялда хъулухъ гьабулел ругел гӀолохъаби, районцоял!

РакӀ-ракӀалъ баркула киназдаго тӀаде щолеб бугеб байрам – ВатӀан цӀунулезул къо. Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер пачалихъалъ ва халкъалъ киналго гӀелазул рагъухъабазул гьабулеб хӀурмат. Къимат гьабула гьезул бихьинчилъиялъул, бахӀарчилъиялъул, рагъулаб захӀматалъул ва ВатӀаналъе гьабураб хъулухъалъул. ВатӀан цӀунулезул къо – 23 февралалъ нилъеца кӀодо гьарула нилъер киналго гӀелазул рагъухъаби – КӀудияб ВатӀанияб рагъул сонazда улка бахӀарчилъиялда цӀунарал ва жакъаги Россиялъул пачалихъалъул мурадал цӀуниялъул хъаравуллъуда чӀун ругел ВатӀаналъул патриотал.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, гӀумруялда битӀккей, парахатаб, талихӀаб, баракатаб, рахӀмат гӀемераб гӀумру, ракьалда тӀад даимаб рекъел, роцӀараб зоб. ТӀурайги нужер киналго лъикӀал мурадал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев**
**ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадиров**

НИЛЪ - БАРАБ АХӀУЛЪГИ АХӀАРАБ БОЛЪГИ

## Гумбет район – цебетӀеялъул рахъалъ тӀоцебесеб щуго бакӀ ккурал районазда гъорлъ

### Гумбет районалъул Собраниялъул депутатазул анлъабилеб ахӀиялъул 33-абилеб сессия

**15 февралалда тӀобитӀана Гумбет районалъул Собраниялъул депутатазул анлъабилеб ахӀиялъул 33 аб. сессия. ГӀахьаллъи гьабуна районалъул Собраниялъул депутатаз, росабазул поселениязул администрациязул бутӀруз, учреждениязул, гӀуцӀабазул нухмалъулез.**

Сессия рагьана районалъул Собраниялъул председателасул ишал тӀуразарулев Барти Астимировас ва баян гьаруна гьоркьор лъезе росулел рукӀин гьал суалал:

1. «Гумбет район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетӀеялъул 2016 соналъул хӀасилал ва 2017 соналда церечӀарал масъалаби».
2. Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ 2016 соналъ гьабураб хӀалтӀул хӀакъалъулъ».
3. «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2017 соналъул ва 2018-2019 соназул плановияб заманалъе бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хӀакъалъулъ».
4. «2014 соналъул 27 ноябралда Гумбет районалъул депутатазул Собраниялда къабул гьабураб № 47 хӀукмуялда хиса-басиял гьариялъул хӀакъалъулъ».
5. «Росабазул поселениязул бакӀалъул самоуправлениялъул органазул бакӀалъул суалал тӀуразариялъул рахъалъ «Гумбет район» муниципалияб районалъул бакӀалъул кӀваралъул цо-цо ихтиярал кьеялъул хӀакъалъулъ».
6. Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде республикаялъул бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповасул ХитӀаб гьоркьоб лъей.

Сессиялда гьоркьоб лъураб тӀоцебесеб суалалда тӀасан доклад гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев **ГӀабдулахӀажи**



**ГӀабдулкъадировас.** 2016 соналъ район экономикияб ва социалияб рахъалъ цебетӀеялъул бицунаго, ГӀабдулкъадировас рехсана лъайкьеялъул, сахлъи цӀуниялъул, нухазул магӀишаталъул, культураялъул, росдал магӀишаталъул ва цогидалги бутӀабазда, налогал ракӀариялда, гьитӀинаб ва гьоркьохъеб бизнесалда, приоритетниял проектал гӀумруялде рахъинариялда росарал лъикӀал хӀасилал. Абуна байбихьулел предпринимателазул хадубккунги рахъкквей букӀине бугин, ракьал хӀалтӀизариялде, хасго магӀарухъ кӀвар кьезе кколин.

ТӀасан кӀалъазе рахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХӀусен Мутаев,** районалъул Собраниялъул депутат **СагӀид МухӀамадов.**

КӀиабилеб суалалда тӀасан доклад гьабуна Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул штабалъул нухмалъулев **ГӀамир ГӀамировас.** ТӀасан кӀалъаял гьаруна районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **Малик Маликовас,** районалъул имам **Юнус Тимирсултановас.**

Хадусеб ункъабго суалалда хурхун докладал гьаруна районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель, районалъул финансазул управлениялъул нухмалъулев **РурухӀма Халидовас.**

**(Ахир-кӀиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**«Нилъер участковый» форум тӀобитӀана**

-2 гьум.



**МугӀалим, журналист, бегавул ЛъаратӀаса МухӀамад Шихмирзаев**

-3 гьум.


СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
«ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН»
ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**Источники финансирования дефицита бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год**

-4 -6 стр .



**Программа «МФЦ для бизнеса»**

-6 стр.

## Гумбет район – цебетIеялъул рахъалъ тIоцебесеб щуго бакI ккурал районазда гъорлъ

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан къабул гьаруна хIукмабиги.

Сессиялда гIахьаллъараз ракI-ракIалъ рахъккуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде республикаялъул бетIерас гьабураб ХитIабалъул. Къокъго ва киназдаго бичIчIунедухъ ХитIабалда тIасан гара-чIвари гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Абуна Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас жиндирго ХитIабалда рехсолел ругин 2016 соналъ Дагъистаналъул экономика, промышленность, росдал магIишат цебетIеялда, гIадамазул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда росарал лъикIал хIасилал. Мисалал рачун ва тIадчIей гьабун бицана Гумбеталда ругел церетIеязулги.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас росабазул поселениязул бутIрузе, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулезе дандрекъон кколел тIадкъаял кьуна ХитIабалда рихьизарурал положениял гIумруялде рахьинариялъе.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЖАМГIИЯБ ПАРАХАЛЪИ ЦIУНУЛАГО

## «Нилъер участковый» форум тIобитIана

### ЛъикIаб хъулухъалъухъ – хIурматалъул грамотаби

**Российялъул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул дандельабазул залалда тIобитIана «Нилъер участковый» абураб форум.**

Форумалда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, райсобраниялъул депутатал, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, Российялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковиял уполномоченниял ва цогидалги.

Форумалда доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Малик Маликовас.** Жиндирго кIалъаялда гьес абуна: «Гьаб соналъул 31 январалда Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул жигараб байбихьиялдалъун республикаялда тIобитIана «Нилъер участковый» абураб форум. Жакъа Гумбеталдаги тIобитIулеб буго. Гьединал тадбираз рес кьола гражданаздехун участковиязул бухьен цIикIкIине, бакIазда гIадамазда дандчIвалел квалквалазде гьезул кIвар буссине, халкъалъул тIалабазде жавабчилъиялда рагьизе.

Аслияблъун ккола участковиял уполномоченниязе росабазул поселениязул администрациязе нухмалъулез хIалтIуе шартIал чIезари, гьезие кабинетал кьей. Ганжесеб законодательствоялъул тIалабалда рекъон, кабинетал хьезаризе ккола хIажатабщиналдалъун, участковиязда тIаде кьваригIелалъ рачIаразе санагIалъи букIунедухъ, гьес гIадамал тIаде къабул гьари лъикI гIуцIиледухъ».

Минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун форумалда гIахьаллъараз ракIалдещвезаруна хъулухъалъулаб иш тIубалаго гIумруялдаса ратIаларал полициялъулал.

Хадур кIалъазе рахъана «сельсовет "Аргванинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **Сайпилав МухIамадов,** участковиял уполномоченниязул нухмалъулев **УхIумагIали Загьидов.** Сайпилав МухIамадовас росдал администрациялъул рахъалдасан баркалаялъул кагъат кьуна участковияв уполномоченный **Мухтар ГIабдурахIмановасе.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас тIадегIанаб махщалие ва гIадлу-низам цIуниялъулъ гьабураб лъикIаб хIалтIуе гIоло, грамотаби кьуна участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидовасе, участковиял Бартихан Бартихановасе, Мурад УхIумагIалиевасе, Рамазан МухIамадовасе, НурмухIамад ХIажиевасе.

**Къурмагъиз ХIадисова**




АВАРАЗУЛ КАЛАМ - ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ!

## Авар мацIалъул олимпиада

### Бергьарал – республикаялъул олимпиадаялде

**5 февралалда Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана 7-11 классазулцIалдохъабазда гьоркьоб авар мацIалъул олимпиада. Олимпиадаялда гIахьаллъана районалъул гьоркьохъел ва аслиял школаздаса 48 цIалдохъан.**

Олимпиадаялда тIоцебесеб бакIал росана анцIила цоабилеб классазда гьоркьоб **Мавлидат Загьировалъ** – Ингишо СОШ, анцIабилеб классазда гьоркьоб **Камсият Астимировалъ** – МелъелтIа СОШ, **Гогьар Тажудиновалъ** – Игьали СОШ, ичIабилеб классазда гьоркьоб **Пайзат МухIамадовалъ** – ЛъаратIа СОШ, микьабилеб классазда гьоркьоб **Аминат Мутаевалъ** – Игьали СОШ, анкьабилеб классазда гьоркьоб **ПатIимат Расуловалъ** – МелъелтIа СОШ.

КIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана анцIила цоабилеб классазда гьоркьоб **Хадижат ХIабибова** – ТIад Инхо СОШ, анцIабилеб классазда гьоркьоб **Халжанат МухIамадова** – Ингишо СОШ, ичIабилеб классазда гьоркьоб **Мадина Ахкубегова** – МелъелтIа СОШ, микьабилеб классазда гьоркьоб **Загьра МухIамадова** - МелъелтIа СОШ, анкьабилеб классазда гьоркьоб **Багистан СагIадулаева** – ЦIаналъ ООШ.

Лъабабилеб бакI ккуна анцIила цоабилеб классазда гьоркьоб **Зайнаб Малачиевалъ-** Игьали СОШ, анцIабилеб классазда гьоркьоб **Зайнаб ГIалимирзаевалъ** – ЧIиркъатIа СОШ, ичIабилеб классазда гьоркьоб **Зайнаб ХIусеновалъ** – Ингишо СОШ, микьабилеб классазда гьоркьоб **РахIмат ГIусмановалъ** – ЧIиркъатIа СОШ, анкьабилеб классазда гьоркьоб **ЖабрагIил ЖабрагIиловас** – Килалъ СОШ.

Бергьарал цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабизе буго анцIила цоабилеб марталда республикаялъулаб тIобитIизе бугеб авар мацIалъул олимпиадаялда.

**ГIайшат Исламбиева**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## ГIелму - борхалъиялде нух

**Килалъ росдал библиотекаялда культураялъул хIалтIухъабаз тIобитIана гургинаб стол «XXI абилеб гIасруялде гIелму, лъай – борхалъиялде нух» абураб ахIиялда гъоркь Российялъул гIелмуялъул къоялъул хIурматалда.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна росдал бетIер **АхIмад Каримовас,** школалъул директор **СагIидбег ГIузаировас,** маданияб централъул нухмалъулев **Исрапил Заирбеговас,** росдал мадрасаялъул мугIалим **ГIабдулагь МухIамадов,** библиотекаялъул нухмалъулей **Гьумайзат Запировалъ** ва цогидалги. Мажлисалда кIудияб бахIс ккана жакъасеб гIелмуялъул борхалъиялда сверухъ, гIелмияб дунялалда ккарал чIахIиял хиса-басиязул, пачалихъалъ гIелмуялде кьолеб кIваралъул. Гьенибго суал борхана лъималазе кьолеб тарбия лъаялъул хIакъалъулъги. Бицана мадрасабазда лъимал цIализариялъе унго-унгояб низам чIезабизе ккеялъул, цо-цо лъимал хутIулел руго я светскияб, я динияб лъай щвечIого.

Ахиралда киналго рачIана цогояб пикруялде: гIелмулъаялда тIадчIей гьаби, гьелде кIвар кьей росулъ борхизабизе, росдал учреждениязул хIалтIухъабаз ва гьединго умумуз гьеб ишалъе квербакъи гьабизе.

**Исрапил Заирбегов**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ



Бакьулъ Гъарадирихъ росу

## ЦIиликь школалъул цIалдохъаби сапаралда

**Гумбет районалъул ЦIиликь гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул цIалдохъабаз сапар гьабуна Российялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централде. Гьезда цадахъ вачIун вукIана ЦIиликь росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев ГIабдухаликъ ГIубайдов.**

Маданияб централда экскурсиялъ рачIарал къабул гьаруна районалъул библиотекаялъул хIалтIухъабаз ва гIадатияб маданияталъул методисталъ. Лъимал цвана музеялде, централъул методикияб кабинеталде, лъималазулгун гIолилазул библиотекаялде.

Маданиял хIалтIухъабаз лъималазе цересел умумузул гIумруялъул, рукIарахьиналъул, гIадатазул бицана, суалазе жавабал кьуна.

Лъималзе бищунго бокьана гIарабист, гIалим ва шагIир Инхоса ГIали-хIажиясул рукъалъул макет.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА- БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ
«ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ 65 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## «Гумбет» газеталъ 65 сон тIубаялде

## «Гумбет» басмаялъул бетIерал редакторал

### МугIалим, журналист, бегавул ЛъаратIаса МухIамад Шихмирзаев

**Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъ 1910 соналъ гьавуна МухIамад Шихмирзаев. Гьес захIматалъулаб хIаракатчилъиялда байбихьана гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялдасан. ТIадегIанаб лъаялъул мугIалимзаби рукIинчIолъиялъ, араб гIасруялъул лъеберабилел соназ, школазда лъикI цIаларал гIолилал толаан лъайкьеялда хIалтIизе.**

МухIамад витIана ЦIунди росдал школалде учительлъун 1933 соналъ, гьенив кIиго соналъги хIалтIун, ЧIиркъатIа школалъул директорлъун тIамуна ва 6 соналъ гьеб захIматаб ва жавабияб иш тIубазабуна. Хадув цо соналъ МелъелтIа школалда лъималазе лъайги кьун, 1942-1953 соназда мугIалимлъи гьабуна ЧIиркъатIа школалда. 1954 – 1956 соназда хIалтIана ЛъаратIа школалъул нухмалъулевлъун.



Бажари бугев гIуцIарухъан МухIамад Шихмирзаев 1955 соналъ партиялъул Гумбет райкомалъул бюроялъул хIукмуялдалъун, районалъул «Гумбеталъул колхозчи» газеталъул редакторлъун тIамуна. Редакторлъи гьабуна 1957 соналъул апрель моцIалде щвезегIан.

Хадув МухIамад вищана ЛъаратIа росдал Советалъул нухмалъулевлъун. 1976 соналде щвезегIан хIалтIана гьенив.

### Запятаялъ чи чIвазе рес букIин лъалев редактор Гъадариса АхIмаднаби Абубакаров

**Гумбет районалъул «Вождасул васиятал» газеталъул редакторлъун 1969 – 1973 соназда хIалтIана Гъадари росулъа тIадегIанаб лъаялъул специалист АхIмаднаби Абубакаров. Редакциялъулги типографиялъулги хIалтIухъабазул тIалаб-агъаз бугев, газета магIнаяблъун, цIалдолезе бокьулеблъун лъугьинабизе хIаракат бахъулев, хIалтIуде гьира-шавкъ цIикIкIарав редактор вукIана АхIмаднаби.**

Доб заманалда редакциялда хIалтIулел рукIараз гьанжеги ракIалде щвезабула гьес точкабазул ва запятаязул гурони гьалатIал хIисабалде росуларел рукIараллъи (кколелъур лъечIого хутIун ратани, яги кколарелъур лъун ратани).



Юбилеялъулаб газета къватIибе биччазе бугин сурат битIеян АхIмаднабиде хабар ккезабидал, гьес бачIана баркалаялъулаб кагъат ва ракI-ракIалъ баркулеб буго газеталъул тIоцебесеб номер биччаралдаса 65 сон тIубаялъул юбилей редакциялъул хIалтIухъабаздаги, тIолалго районцояздаги. Гьарулеб буго киназего рохел, талихIалъул цIураб халатаб гIумру, щулияб сахлъи.

НИЛЪ – БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## Афгъанистаналъул къалул дарсал

### МелъелтIа гьоркьохъеб школалда рагъухъаби-интернационалистал ракIалде щвезаруна

**15 февралалда кIодо гьабула рагъухъаби – интернационалистал ракIалдещвеялъул къо. Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъана Гумбет районалдаса гIолохъабиги.**

Рагъухъаби – интернационалистазул къоялда хурхун тIахьал цIалулезул конференция тIобитIана Гумбет районалъул лъималазул библиотекаялда. Конференциялда гIахьаллъана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъаби.

Конференция рагьун хадуб, библиотекарь Раисат МухIамаднабиевалъ кIалъазе рагIи кьуна цIалдохъаби **Асият МухIамадовалъе, Зайнаб УхIумагIалиевалъе, Макка ГIабдурахIмановалъе, Макка Ахкубеговалъе, Зайнаб Хункарбиевалъе, Асият Даитбеговалъе.** ЦIалдохъабаз, гьединго районалъул библиотекаялъул методикияб отделалъул нухмалъулей Эзимат МухIамадовалъ, Гумбет районалъул маданияб централъул методист Рапият УхIумагIалиевалъ, лъималазул библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъ бицана рагъухъаби – интернационалистазул хIакъалъулъ. РакIалдещвезаруна Афгъанистаналда къадаралде щварав Аргъвани росулъа МухтарахIмад КъурамухIамадов.

Афгъаназул хIакъалъулъ баянал хъвараб альбом хIадурун букIана ва тIахьазул выставкаги гIуцIун букIана.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ…

## 1967 соналда Гумбет районалда гъорлъе рачIана гьарадирил росаби

### 50 соналъ цебе щиб хъвалеб букIараб «Вождасул васиятал» газеталда

#### Тарихал ва хIужаби

Гумбеталда 1967 соналъ хIалтIулеб буго 6 гьоркьохъеб, 8 микьгосонил, 12 байбихьул школа. Гьениб цIалулеб буго 3336 лъимер. Гьезие лъай-тарбия кьолеб буго 230 учителас, гьездасан 32 чиясул тIадегIанаб, 84 чиясул хасаб гьоркьохъеб, хутIаразул гIаммаб гьоркьохъеб лъай буго.

* * *

Цо районалъул культураялъул рукъ, лъималазул отделгун районалъул библиотека, 22 клуб, 13 библиотека, 15 киноустановка буго бакълъулазул росабалъ.

* * *

45 койкаялъе бакI бугеб райбольница, кIиго участкаялъулаб больница, кIиго амбулатория, 18 фельдшерлъиялъулаб пункт буго, хIалтIулел руго 10 врач, 60 гьоркьохъеб хасаб лъаялъул специалистал.

* * *

Районалда 126 чиясул буго тIадегIанаб лъай, гьезда гьоркьой 13 чIужугIаданги йиго. 167 чияс лъай босулеб буго вузазда ва техникумазда, гьездасан 43 чIужугIаданалъ.

* * *

Росдал магIишаталъул батIи-батIиял бутIабазда хIалтIулев вуго 60 специалист, гьезда гьоркьов 14 агроном, 8 зоотехник, 17 ветеринарияв хIалтIухъан. Колхозазда буго 22 комбайн, 87 трактор, 70 автомашина.

Колхозазул буго 6879 чIегIерхIайван, 61270 гIи-цIани. Пачалихъалъе колхозаз бичана 416 тонна гьан, 1096 тонна рахь, 78,8 тонна квас.

Бекьулеб ракьалъул 3274 гектар буго ва гьелъул 70 % хIалтIизабула механизмабаздалъун. Щибаб гектаралдаса бакIарана 20 центнер ролъ, 20-25 центнер цIоросаролъ.

#### ЦIияб лъим бахъана

КIудияб къварилъи букIана Сагъри къодаса Кунзахъе рахунеб хьонлъуда лъим гьечIого. Р. Дарбишовасул жигарчилъиялдалъун километргIанасеб манзиллалда лъим бачине цIиял рахьал рухьана, рогIрал ва боцIуе лъим гьекъезе русби лъуна. ГIадамазеги боцIуеги мугIрул цIорораб лъим чвахулеб буго гьенибе

**М. КаримхIажиев**

#### Районалъул цойги цIияб росу

1967 соналъул 6 июлалда Дагъистан АССРалъул Верховный Советалъул президиумалъ бахъараб Указалдалъун Хунзахъ районалдаса Гумбет районалда гъорлъе рачIун руго гьарадирил росаби. Росдал Советалде гьоркьобе уна Бакьулъ, ТIаса ва Гъоркьа Гьарадирихъ росаби.

#### Хваразе памятник

Гъоркь Инхо росолъ балеб буго КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда памятник ГIандигIорул рагIалда.

#### Росабалъе тIадегIанаб къуваталъул ток

Гумбеталде бачунеб буго тIадегIанаб къуваталъул ток. Жигаралда унел руго хIубал эхетизариялъул, кварал цIаялъул хIалтIаби. ХIисабалде босун буго хасел тIаде щвелелде росабалъе гьеб бачIиналъе мухIканаб хIадурлъи гьабизе.

**Х. Мирзаев.**

#### Рагъда хваразе си

Игьали росулъ бана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе памятник. Гьеб баялда жигаралда хIалтIана НасимухIамадов, МуртазагIалиев, СайгидахIмадов. Гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазги гьабуна кумек.

**М. ГIалиев.**

РУХIИЯБ ХАЗИНА

## ГьитIинаб цIуничIезул кIудияб билула

**Гумбет районалъул Гъоркь Инхоса МахIмуд ИбнумасхIудов вуго гIурус мацIалъул мугIалим, школалъул гьунар бугев гIуцIарухъан, директорасул заместитель. Хасавюрт –Къохъ шагьранухда Гъоркь Инхо росдада дандбитIун бугеб бакIалда гьес рагьун буго тукен, минаялда гъоркьа жанахIалъуб гIуцIун буго музей.**

Гьенир ругоан арал гIасрабазда магIарулаз, нилъер умумуз хIалтIизарулел рукIарал алатал, некIо заманаялъул тIаладуялдаса байбихьун, Шамилил гIарададул гумпарабазде щвезегIан. Гьединго руго щагIил рагIал, умумузул гилавкаби, хвалчабихунжрул.

МахIмудица бицана музеялда лъураб тIагIел-гIучI данде гьабулелдаса 15 сон бугилан. Гьаниб бугеб цIа-рагI цояз жидецаго бачIараб, гIемерисеб гIарацги кьун бичун босараб бугилан. Умумузул рукIа-рахъиналъул бицунеб, гIезегIан бечедаб музей лъугьун буго гьениб. Гьеб кинабго данде гьабиги буго нилъерго тарихалдеги, умумуздеги, ВатIаналдеги бугеб рокьиялъул гIаламат. Дида ккола заманалдасан гьеб цIакъго къиматаб бакI лъугьинилан, тарих бокьулел гьенире къокъа-къокъа ккун рачIинилан.

**Исрапил Заирбегов**

ДОКУМЕНТЫ

# СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН»

15 февраля 2017 г. № 137

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

### Об исполнении бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

В соответствии со ст. 153, 264.1, 264.2, 264.6 Бюджетного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального района «Гумбетовский район», Положением о бюджетном процессе в муниципальном районе «Гумбетовский район», собрания депутатов муниципального района «Гумбетовский район»:

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить прилагаемый отчет об исполнений бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год по доходам в сумме 306805,0 тысяч рублей, по расходам в сумме 317500,0 тысяч рублей, с превышением расходов над доходами (дефицит бюджета муниципального района «Гумбетовский район» в сумме 10695,0 тысяч рублей .

- по источникам внутреннего финансирования дефицита бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год согласно приложению №1;

- по доходам муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год согласно приложению №2;

-по исполнению ведомственной структуры расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016год согласно приложению 3;

- по межбюджетным трансфертам, получаемым из других бюджетов в 2016 году согласно приложению №4.

2. Постановление вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию.

**председатель собрания депутатов**
**Б.Астимиров**

**Приложение №1 к Постановлению**
**Собрания депутатов «МР»Гумбетовский район»**
**от 15 февраль 2017 №137**

### Источники финансирования дефицита бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

| Код БК | Наименование | Утверждено на 2016 год тыс.руб. |
|---|---|---|
| ООО 01 05 00 00 10 0000 000 | Изменение остатков средств бюджета на счетах по учету средств бюджета | 10695,0 |
| | ИТОГО | 10695,0 |

**Приложение № 2 к Постановлению**
**Собрания депутатов «МР» Гумбетовский район»**
**от 15 февраля 2017 №137**

### Поступления доходов в бюджет муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

| Код бюджетной классификации | Наименование доходных источников | Уточненный план на 2016 год (тыс. руб.) | Исполнено за 2016 г тыс. руб.) | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| 1 00 00000 00 0000 000 | Налоговые и неналоговые доходы | 44613,2 | 48322,0 | 108,3 |
| | Налоговые доходы | 43773,2 | 46423,0 | 106,1 |
| 1 01 02000 01 0000 110 | *Налог на доходы физических лиц* | 35645,0 | 36203,0 | 101,6 |
| 1 03 02000 01 0000 110 | Акцизы на ГСМ | 6354,2 | 8196,0 | 129 |
| 1 05 02010 02 0000 110 | Единый налог на вмененный доход | 480,0 | 567,0 | 118,1 |
| 1 05 03020 00 0000 110 | Единый сельскохозяйственный налог | 63,0 | 98,0 | 155,6 |
| 1 05 01010 010000 110 | Упрощенная система налогооблажения | 1175,0 | 1297,0 | 110,4 |
| 1 08 03010 01 0000 110 | Госпошлина | 56,0 | 62,0 | 110,7 |
| 117 01000 0000000 180 | Неналоговые доходы | 840,0 | 1899,0 | 226,1 |
| 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 276524,9 | 258483,0 | 93,5 |
| 2 02 02000 00 0000 000 | Безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы РФ | 276524,9 | 260293,0 | 94,1 |
| 2 18 00000 00 0000 000 | Доходы от возврата остатков прошлых лет | | 1625,0 | |
| 2 19 00000 00 0000 000 | Возврат остатков прошлых лет в республиканский бюджет | | -3435,0 | |
| | ИТОГО ДОХОДОВ | 321138,1 | 306805,0 | 95,5 |

**Приложение №3 к Постановлению**
**Собрания депутатов «МР»Гумбетовский район»**
**от 15 февраль 2017 №137**

### Ведомственная структура расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

| Наименование показателя | Код раздела, подраздела | Уточненный бюджет на 2016 год (тыс.руб.) | Исполнено за 2016 год (тыс.руб.) | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Общегосударственные вопросы | **0100** | **21408,0** | **19066,0** | **89,1** |
| Функционирование высшего должностного лица | 0102 | 1423,0 | 1356,0 | 95,3 |
| Функционирование органов местного самоуправления | 0104 | 15441,0 | 13723,0 | 88,9 |

(Продолжение-на 5 стр.)

ДОКУМЕНТЫ

## Ведомственная структура расходов бюджета муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

(Начало-на 4 стр.)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Судебная система | 0105 | 2,8 | | |
| Обеспечение деятельности финансовых органов | 0106 | 3734,0 | 3438,0 | 92,1 |
| Обеспечение проведение выборов | 0107 | 100,0 | | |
| Резервный фонд | 0111 | 158,0 | | |
| Другие общегосударственные вопросы | 0113 | 549,0 | 549,0 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | **0300** | **2535,0** | **2519,0** | **99,4** |
| Органы юстиции | 0304 | 497,0 | 497,0 | 100,0 |
| Предупреждение и ликвидация последствий чрезвычайных ситуаций и стихийных бедствий, ГО | 0309 | 1968,0 | 1765,0 | 89,7 |
| Национальная экономика | **0400** | **15303,0** | **12711,0** | **83,1** |
| Дорожное хозяйство | 0409 | 12303,0 | 9711,0 | 80,0 |
| Другие вопросы в области национальной экономики | 0412 | 3000,0 | 3000,0 | 100 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | **0500** | **554,0** | **515,0** | **93** |
| Благоустройство | 0503 | 39,0 | | |
| Другие вопросы в области ЖКХ | 0505 | 515,0 | 515,0 | 100,0 |
| Образование | **0700** | **228124,0** | **221769,0** | **97,2** |
| Дошкольное образование | 0701 | 50927,0 | 48568,0 | 95,4 |
| Общее образование | 0702 | 161700,0 | 159222,0 | 98,5 |
| Молодежная политика | 0707 | 300,0 | 250,0 | 83,3 |
| Другие вопросы области образования | 0709 | 15197,0 | 13729,0 | 90,3 |
| Культура, кинематография, | **0800** | **18003,0** | **15854,0** | **88,1** |
| Культура | 0801 | 16672,0 | 14558,0 | 87,3 |
| Другие вопросы в области культуры | 0804 | 1331,0 | 1296,0 | 97,4 |
| Социальная политика | **1000** | **3685,0** | **3609,0** | **98,0** |
| Пенсионное обеспечение | 1001 | 70,0 | | |
| Охрана семьи и детства | 1004 | 3615,0 | 3609,0 | 99,9 |
| Физическая культура и спорт | **1100** | **1100,0** | **1000,0** | **90,9** |
| Физическая культура | 1101 | 1100,0 | 1000,0 | 90,9 |
| Средства массовой информации | **1200** | **3332,0** | **3055,0** | **91,7** |
| Периодическая печать | 1202 | 3332,0 | 3055,0 | 91,7 |
| Межбюджетные трансферты | **1400** | **42406,0** | **37659,0** | **88,8** |
| Межбюджетные трансферты | 1401 | 30578,0 | 25831,0 | 84,5 |
| Межбюджетные трансферты | 1403 | 11828,0 | 11828,0 | 100 |
| ВСЕГО РАСХОДОВ | | **336379,0** | **317500,0** | **94,4** |

**Приложение № 4 к Постановлению**
**Собрания депутатов «МР»Гумбетовский район»**
**от 15 февраль 2017 № 137**

## Межбюджетные трансферты, получаемые из других бюджетов муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

| Наименование | Уточненный план | Исполнено | % исполнения |
|---|---|---|---|
| Дотация на выравнивание бюджетной обеспеченности муниципальных районов | 66797,0 | 55664,0 | 83,3 |
| Осуществление полномочий по государственной регистрации актов гражданского состояния | 567,0 | 567,0 | 100 |
| Госстандарт общего образования | 134176,0 | 134176,0 | 100 |
| Госстандарт дошкольного образования | 27094,5 | 27094,5 | 100 |
| На выплату денежных средств на содержание детей в семьях опекунов (попечителей) | 1451,4 | 1451,4 | 100 |
| На предоставление и обеспечение предоставления гражданам адресных субсидий на оплату ЖКУ | 515,0 | 515,0 | 100 |
| На обеспечение разового питания учащихся 1-4 классов общеобразовательных учреждений | 1289,5 | 1289,5 | 100 |
| Расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административных комиссий | 404,0 | 404,0 | 100 |

(Продолжение-на 6 стр.)

ДОКУМЕНТЫ

### Межбюджетные трансферты, получаемые из других бюджетов муниципального района «Гумбетовский район» за 2016 год

(Начало- на 4-5 стр.)

| | | | |
|---|---|---|---|
| Расходы для выполнения полномочий РД по хранению, комплектованию, учету и использованию Архивного фонда РД | 161,0 | 161,0 | 100 |
| Фонд финансовой поддержки поселений | 30578,0 | 25482,0 | 83,3 |
| Расходы для выполнения полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 1057,0 | 1057,0 | 100 |
| Обеспечение жильем детей-сирот, оставшихся без попечения родителей | 1460,9 | 1460,9 | 100 |
| На организацию и осуществление деятельности по опеке и попечительству | 384,0 | 384,0 | 100 |
| Мероприятие по социально-экономическому развитию районов на 2016 год | 6000,0 | 6000,0 | 100 |
| На установку и подключение интернета для библиотек | 42,0 | 42,0 | 100 |
| Расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административных комиссий по делам несовершеннолетних | 404,0 | 404,0 | 100 |
| Субсидии на государственную поддержку малого и среднего предпринимательства | 2400,0 | 2400,0 | 100 |
| Развитие государственной гражданской службы РД | 20,9 | 20,9 | 100 |
| Выплаты компенсации части родительской платы за содержание ребенка в государственных и муниципальных образовательных учреждениях | 702,6 | 702,6 | 100 |
| Межбюджетные трансферты на выплату денежного поощрения лучшим муниципальным учреждениям культуры, находящимся на территориях сельских поселений и их работникам | 250,0 | 250,0 | 100 |
| На проведение сельскохозяйственной переписи в 2016 году | 367,2 | 367,2 | 100 |
| Поступление от денежных пожертвований предоставляемых государственным ( муниципальным) организациям, получателям бюджетов муниципальных районов | 400,0 | 400,0 | 100 |
| Субвенции на присяжные заседатели | 2,8 | | |
| **ВСЕГО** | **276524,9** | **260293,0** | **94,1** |

ТIАБИГIАТ – БЕРЦИНАБ ЖО…

# Экологиялъул сон – 2017

**Гумбет районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда тIобитIана, исанасеб лъагIел экологиялъул сонлъун лъазабун букIиналда бан, гьелъул хIакъалъулъ суал гьоркьоб лъей, гарачIвари. Гьеб дандеруссиналда гIахьаллъана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби, библиотекаялъул хIалтIухъаби.**

Данделъи рагьана районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусеновалъ**. Экологиялъул лъагIеллъун лъазабураб 2017 соналъ тIабигIиял бечелъаби цIуниялъул, гьекъолеб лъим чороклъизе биччангутIиялъул, гъутIби чIун гIурччинлъи цIикIкIинабиялъул, тIабигIат берцин гьабиялъул рахъалъ церечIарал масъалабазул бицана кIалъазе яхъарай лъималазул библиотекаялъул библиотекарь **Раисат МухIамаднабиевалъ.**

ГIуцIун буго экологиялъул клуб. Гьелъул хIалтIулъ жигаралда гIахьаллъула цIалдохъаби. Гьел уна тIабигIат бокьулезул слетазде. Нилъер школлъималаз къецазда бергьенлъаби росула. Гьаб соналъ ине руго Гъуниб районалде. ХIадурлъулел руго гьенибе сапар гьабилелде.

Экологиялъул хIакъалъулъ суал лъураб данделъиялда, жидехъего кьурал темабазда хурхун бахIсал гьари лъикI гIуцIана цIалдохъаби **Ислам ДарбищухIумаевас, Макка Ахкубеговалъ, Макка ГIабдурахIмановалъ, Марям Насрулаевалъ, Асият МухIамадовалъ, Ислам Даитбеговас, Асият Даитбеговалъ, Зайнаб Хункарбиевалъ.**

Экологиялда хурхарал суалалгун викторина тIобитIана гьелдаса хадуб. ХIадурун букIана «Даруял хурдул» абураб стенд ва гIуцIун букIана тIахьазул выставкаги.

Лъималазул библиотекаялъ хIисабалде босун буго экологиялъул лъагIел хадурккунги тадбирал тIоритIулаго нухда регIизе.

**«Гумбет» РИО**

МЕТЕР МАГIАРУЛ МАЦI ХВЕЗЕ БАТАНИ,
ХВАГИ ДУН ЖАКЪАГО, ЖАНИБ РАКI КЬВАГЬУН

# Рахьдал мацIалъул къоялде – кучIдул рикIкIиналъул къец

**- Гумбет районалъул маданияб кIалгIаялда 8 февралалда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялда хурхун Дагъистаналъул хъвадарухъабазул, поэтазул рахьдал мацIалда хъварал асарал, кучIдул рикIкIиналъул конкурс, – ян бицана районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методикияб централъул методист ГIабдула МухIамадовас. Гьеб тIобитIана районалъул школазул анцIила цоабилеб классазул цIалдохъабазда гьоркьоб. Конкурсалда гIахьаллъана микьго гьоркьохъеб школалдаса анцIго цIалдохъан.**

ТIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Игьали гьоркьохъеб школалдаса **Зайнаб МухIамадова.** КIиабилеб бакI ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалдаса **Напизат ХIажиевалъ,** лъабабилеб бакI гьебго школалдаса **ПатIимат ГIумаровалъ** ккуна.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан тIоцебесеб бакIалъе 1500, кIиабилеб бакIалъе 1000, лъабабилеб бакIалъе 500 гъурущ ва дипломалги кьуна.

Районалъулаб этапалда тIоцебесеб бакI ккурай Зайнаб МухIамадовалъ гIахьаллъи гьабизе буго республикаялъулаб конкурсалда.

* * *

12 февралалда МелъелтIа интернаталда тIобитIараб авар адабияталъул олимпиадаялда гIахьаллъана 37 цIалдохъан.

Анкьабилеб классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **Багистан СагIадулаевалъ** – ЦIаналъ ООШ, кIиабилеб бакI **Шамсият Сулеймановалъ** – Игьали СОШ, лъабабилеб бакI **Хадижат ТIалхIатовалъ** – МелъелтIа СОШ ккуна.

Микьабилеб классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI **ПатIимат МухIамадовалъ** – ЧIиркъатIа СОШ, **Разият МухIамадовалъ** – ЦIаналъ ООШ, кIиабилеб бакI **Зайнаб МухIамадовалъ** – ЛъаратIа СОШ ккуна.

ТIоцебесеб бакI анцIабилеб классазда гьоркьоб **Аминат АбулхIасановалъ** – ЦIиликь СОШ, кIиабилеб бакI - **Пайзат МухIамадовалъ** – ЛъаратIа СОШ, лъабабилеб бакI **Аминат ГIамиргIалиевалъ** – ЧIиркъатIа СОШ ва **Мадина Ахкубеговалъ** – МелъелтIа СОШ ккуна.

АнцIабилеб классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана **Гогьар Тажудинова** – Игьали СОШ. кIиабилеб бакIал ккуна **Камсият Астимировалъ** – МелъелтIа СОШ, **Зайнаб ГIалимирзаевалъ** ЧIиркъатIа СОШ, лъабабилеб бакI **Хадижат МухIамадовалъ** – Ингишо СОШ.

АнцIила цоабилеб классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе **Мавлидат Загьирова** – Ингишо СОШ, кIиабилеб бакIалъе **Зайнаб Малачиева** – Игьали СОШ мустахIикълъана.

**ГIайшат Исламбиева**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Программа «МФЦ для бизнеса»

## Встреча с руководителем СПК «Цундинский»

**В центре «Мои документы» по Гумбетовскому району директор филиала встретился с генеральным директором СПК «Цундинский» Набигулой Набигулаевым.**

**Омар Магомедов** ознакомил гостя с непосредственной работой МФЦ, с порядком предоставления государственных и муниципальных услуг, в частности с услугами для предпринимателей района. Рассказал о разработанной комплексной программе «МФЦ для бизнеса», которая включает в себя широкий комплекс услуг для бизнес-структур района.

СПК «Цундинский» ведет свою хозяйственную деятельность на прикутанных землях Бабаюртовского района. Основная часть населения сельской администрации являются членами сельскохозяйственного производственного кооператива. Поэтому, одним из вопросов, затронутых при беседе, был охват всех жителей сельского поселения государственными и муниципальными услугами.

Руководитель хозяйства ознакомил директора филиала с некоторыми показателями деятельности хозяйства. «В развитии хозяйства наблюдается положительная динамика, в частности за последние 5 лет произошел значительный прирост поголовья КРС и МРС, надой молока составляет более 2 тыс. л. с коровы» - отметил Набигула Набигулаев.

Директора СПК интересовал вопрос регистрации права на здание фельдшерско-акушерского пункта (ФАП) в с. Первомайское, на который получены исчерпывающие разъяснения.

Стороны сошлись во мнении об улучшении сотрудничества в части информирования населения и членов кооператива о предоставляемых услугах в МФЦ.

**МФЦ**

СИЯСАТ

# Дагъистаналъул бетӀерасул ХитӀаб – республика цебетӀеялъе кьучӀ

**Республикаялъул бетӀер Рамазан ХӀажимурадович ГӀабдулатӀиповас 2017 соналъул 6 февралалда Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитӀаб ва гьелда хурхун районалда церечӀарал масъалаби**

**Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель ХӀайбула ГӀабдурахӀмановас, ХитӀаб гьоркьоб лъолаго, гьабураб кӀалъай**

**Ассаламу гӀалайкум дандельиялда гӀахьаллъулел!**

**Нилъеда киназдаго лъалеб букӀахъе, гьаб соналъул 6 февралалда нилъер республикаялъул бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповас Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул сессиялда гьабуна Республикаялъул Конституциялъул тӀалабалда рекъон, щибаб сонилаб ХитӀаб.**

ХитӀаб Рамазан ГӀабдулатӀиповас байбихьана ахирал соназ тӀолабго Россиялдаго гӀадин нилъер республикаялдаги, дунялалда тӀад бугеб ахӀвал-хӀалалде ва Россиялдехун бетӀералда Америкагун къватӀисел пачалихъазул бугеб тӀадецуялде балагьичӀого, кризисалъул ахӀвал-хӀалалдаса рорчӀизелъун гуребги, цебетӀеялъе гьабизе кӀвараб хӀалтӀул хӀасилазул бициналдалъун.

ГӀабдулатӀиповас абуна ахирал соназ нилъеда кӀванин гӀадамазе хӀинкъи гьечӀолъиялъул ахӀвал-хӀал гӀуцӀизе, экономикияб рахъалъ цебетӀей букӀинабизеян. Гьоркьоса къотӀи гьечӀел теракал, гӀадамал рикъун гӀарац тӀалаб гьаби, бандитизм, флешкаби ритӀи ва цогидалги гӀадамасе гӀумру тӀамиялъе хӀинкъи букӀин, тӀубангоян абизе бегьиледухъ лъугӀизабизеян. Гьеб гьедин букӀин нилъедаги бихьулеб буго.

2016 соналъул рищиязда республикаялъул Халкъияб Собраниялъул ва Федералияб собраниялъул депутаталлъун аслияб къагӀидаялда жидер халкъалъул мурадал тӀуразе рес ва пикру бугел гӀадамал рищун руго. Щибаб къоялъ пачалихъияб Думаялъул ва Халкъияб Собраниялъул депутатаз тӀаде къабул гьарулел руго гӀадамал, жидер ругел гӀунгутӀабазул, социалиябгун экономикияб цебетӀей букӀинабиялъе предложениялгун ва гьел гӀумруялде рахъинариялъе квербакъиги гьабулеб буго.

Жиндирго ХитӀабалда ГӀабдулатӀиповас тӀадчӀей гьабун буго обществоялда кколел хиса-басиязулъ кӀудияб бакӀ кколин жамгӀиял гӀуцӀабаз, диниял хӀаракатчагӀаз, устар муфтий АхӀмад-хӀажил бетӀерлъиялдаян. Гьезул ва пача пачалихъиял идарабазул хӀаракатлъиялдалъун кӀванин нилъеда цо чанго мекъаб нухде кколел рукӀарал битӀараб нухде рачинеян. Гьеб рахъалъ жеги гьабизесеб хӀалтӀи гӀемер букӀиналда тӀадчӀей гьабун буго ХитӀабалда. Бихьизабулеб буго республикаялдаса гӀолохъаби ИГилалъул рахъалда къватӀисел пачалихъазда, хасго Сириялда рагъулел рукӀин ва гьел нахъруссун республикаялде рачӀиналда хӀинкъи букӀин.

ХитӀабалда ГӀабдулатӀиповас ракӀалде щвезарулел руго Владимир Путинил Федералияб Собраниялде гьабураб хитӀабалдаса рагӀаби – данде кколареблъун ккола цере историялда рукӀарал дандеккунгутӀаби, жакъасеб гӀумруялде цӀазе ва гьел жиндир-жиндир мурадал тӀураялъе хӀалтӀизаризе. Нилъ ругин цогояб пачалихъалъул халкъ ва «багӀаразде» яги «хъахӀазде» рикьиялдалъун жакъа зарал гуреб пайда букӀунарин абурал.

ХитӀабалда тӀадчӀей гьабулеб буго АхӀулгохӀда бараб мемориалалъул нилъер халкъал цолъиялъе, тарихияб къимат доб заманалъе кьеялъе гьелъул бугеб кӀваралда.

ХитӀабалда Республикаялъул бетӀерас къимат кьун буго экономикияб рахъалъ ккарал хиса-басиязе. Масала, промышленносталда араб соналъ цебетӀей ккун буго 36,3 проценталъ, налогал ва сборал ракӀариялда 17.5 проценталъ, аслияб капиталалде инвестициял рачӀине гьариялъулъ 3,8 проценталъ, бакӀал раялда 4 проценталъ, росдал магӀишаталда 4,7 проценталъ.

Налоговияб потенциял цӀикӀкӀин мурадалда тӀадбан унеб буго ракьул участкаби ва рарал бакӀал учеталда лъеялъул хӀалтӀи. Гьеб рахъалъ нилъер районалдаги гьабулеб буго хӀаракатаб хӀалтӀи. ХитӀабалда нилъер районги рехсон буго щуго цересел кьерда ругел районазда гьоркьоб. Гьеб нилъ рохизе ккараб ва хадубккунги хӀаракатлъи ва жавабчилъи борхизабизе ккараб иш буго.

Гьединго хитӀабалда баян кьун буго социалиял объектал раялъулъ бугеб ахӀвал-хӀалалъе. Хасаб кӀвар буссинабун буго республикаялдаго аслияблъун кколеб росдал магӀишаталде. Гьениб абулеб буго ахирияб ункъго соналда жаниб «Эффективный АПК» приоритетнияб проект гӀумруялде бахъинабулаго, республикаялда росдал магӀишаталъул продукция гӀезаби цӀикӀкӀанин 1,5 нухалъан.

Нилъер районалдаги гьеб рахъалъ руго церетӀеял. Аслияб цебетӀейлъун гьениб ккола нилъер росабазул гӀадамал ракьал хӀалтӀизариялде руссунел рукӀин. Ралел руго гӀи-боцӀуе бокьал. ЦӀигьарулел ва цӀиял чӀолел руго ахал. ГӀи-боцӀи хьихьулезул къадар цӀикӀкӀунеб буго Аргъвани, МелъелтӀа ЦӀиликь, ЦӀунди – Щабдухъ, Игьали ва цогидалги росабалъ. Ахал гӀезариялде цӀикӀкӀараб кӀвар кьолеб буго Игьали, ЧӀиркъатӀа, Гъоркь Инхо, Килалъ росабалъа гӀадамаз. Мисалалъе рехсезе мустахӀикъав вуго цӀияб хозяйство рагьун ижараялъе ракьги босун хӀалтӀизабулев Килалъа МухӀамад Валилулаев, жиндица 4 гектаралда къокъаб тайпаялъул гъутӀби чӀарав ва жеги чӀезе ракӀалда бугев. Гьеб ах гӀезабиялда хӀалтӀулел руго гьесул гӀага-божарал. Гьеб ахалъ пайда кьезе байбихьидал, гьезул гӀагарлъиялъул цо чанго хъизан магӀишатияб рахъалъ чияда рачӀеллъун лъугьиналда божиги буго.

Гьеб рахъалъ росдал магӀишаталъул нигӀматал гӀезарулезда дандчӀвалел руго гӀунгутӀабиги, гьеб бичизе аскӀобегӀан базар гьечӀолъиялъ. ХӀалтӀулеб гьечӀо ЧӀиркъатӀа консервазул завод. ГьечӀо щолев гьениб инвестициял хӀалтӀизарун, гьеб цӀигьабизе тӀаде босулев чиги.

Ракьул реформа гьабулаго, районалда росабазул тӀолалго ракьал кьун руго росабазул администрациязул буголъиялде. Гьез кьезе буго гьел ракьазул налогги. Гьеб рахъалъ росабазул админитстрациязул масъала буго ракьал гьел хӀалтӀизаризе бокьаразухъе ижараялъ кьезе ва ижараялъул къагӀидаялда гьеб налог тӀубалеб къагӀида гӀуцӀизе. Гьез бичӀчӀикьеялъул хӀалтӀи гьабун ва кумек гьабун росдал гӀадамал ахӀизе ккола росулъ ругел ракьал ижараялъе росизе ва гьениб продукция гӀезабизе. Гьедин абулеб буго жиндирго ХитӀабалда республикаялъул бетӀерасги.

ХитӀабалда хасаб кӀвар буссинабулеб буго хъутабазда гӀун рачӀарал росабазде. Гьениб тӀадчӀей гьабулеб буго гьезул статус букӀинабиялде ва гьениб рукӀа-рахъиналъе шартӀал чӀезариялде.

Жиндирго ХитӀабалда ГӀабдулаитӀиповас кӀвар буссинабун буго токил ва газалъул рахъалъ ругел гӀунгутӀабазде. Гьениб гӀадлу букӀинабун потребителазе ток ва газ чӀезабиялде. Гьебго заманалъ кӀвар буссинабулеб буго бухӀараб токихъ ва газалъухъ заманалда гӀарац кьезе ккеялдеги, гьелда бараблъун кколеб бугелъул гьенир харж гьаризе сурсатал рукӀиналъул суал.

ХитӀабалда бихьизабулеб буго республикаялда гӀадамал жанир чӀолел минаби рай цӀикӀкӀунеб бугин. Гьединго абулеб буго социалиял объектал рай халат бахъинабиялъул хӀужаби ругин. Гьединаб 400-ялдаса цӀикӀкӀараб объект бугин республикаялда. ХӀукуматалда тӀадкъан буго гьел объектазул инвентаризация гьабизе ва хех ран лъугӀизариялъе хӀалтӀи гьабизе.

Гьединго ХитӀабалда тӀадчӀей гьабун буго ЖКХялъул объектазул бугеб ахӀвал-хӀалалда. Бихьизабулеб буго гьел объектал басралъун рукӀин, шагьаразда ва росабалъ лъел качество лъикӀлъизабизе ва канализациязул иш рукӀалиде ккезабизе ккей. Гьеб нилъеда бихьана МахӀачхъалаялда араб риидал гӀемерал цӀадал раялъ ккараб хӀасилалда.

ГӀумруялъ бихьизабулеб бугин абулеб буго ХитӀабалда, экономика цебетӀеялъе хӀажатаблъун букӀин республикаялде инвестициял рачӀинаризе.

Гьеб рахъалъ цо къадаралъул ккарал хӀасилалги руго. ХӀалтӀизе риччан руго керамикаялъул къанал гьарулеб завод, ран руго цӀиял теплицаби ва цогидалги. ГӀумруялде рахъинарулел руго гьединал лъебергоялдасаги цӀикӀкӀарал проектал.

ХитӀабалда хасаб бакӀ ккун буго республикаялда тӀобитӀулеб бугеб бюджетниябгун налогалъул политикаялъ. Араб соналъ налогазул доход республикаялда цӀикӀкӀун буго 17.5 проценталъ, бакӀарун буго 5 миллиардалдаса цӀикӀкӀун налог цебесеб соналдаса. Гьеб рахъалъ квербакъи гьабулеб буго налогалде гъоркье кколел объектал учеталде росиялъ, цӀиял рагьарал бизнес-объектаз.

Налогал ракӀариялъул рахъалъ нилъер район рехсон буго лъикӀ хӀалтӀаразул щугоязда гьоркьоб.

ГӀабдулатӀиповас жиндирго ХитӀабалда бихьизабулеб буго «Человеческий капитал» приоритетнияб проект гӀумруялде бахъинабулаго, лъикӀаланго хӀалтӀи гьабун букӀин гӀадамазул культура борхизабиялъе, гьезие гьабулеб пачалихъияб хъулухъ лъикӀлъизабиялъе. Республикаялда хӀалтӀулеб буго 60 МФЦ. Президент Путинил маялъул указал гӀумруялде рахъинарулаго, цӀикӀкӀинарулел руго харжал культураялъул учреждениязул, медицинаялъул ва лъайкьеялъул хӀалтӀухъабазе. Республикаялда ахирисеб ункъго соналда жаниб рагьун буго 28 азарго лъимералъе бакӀ садиказда. Абизе ккараб буго нилъер районалдаги гьеб рахъалъ иш квеш гьечӀин, 3 ялдаса 6 ялде щвезегӀан сонал ругел киналго лъимал садиказдалъун хьезарун руго районалда. Гьабизесеб хӀалтӀи гьеб рахъалъги гӀемер буго. ХитӀабалда бихьизабухъе, республикаялда жеги буго лъабго сменаялда хӀалтӀулеб 16 школа, кӀиго сменаялда хӀалтӀулел рикӀкӀинчӀого. Гумбеталда киналго школал хӀалтӀулел руго цо сменаялда. Гьебго заманалда руго лъикӀаланго школал жанир лъикӀал шартӀал гьечӀел басралъаралги. ЛъикӀаланго рихьизариял руго ХитӀабалда лъайкьей лъикӀлъизабиялда хурхарал. Гьел нилъецаги хӀисабалде росизе ккола.

Хасаб бакӀ ХитӀабалда ккун буго сахлъи цӀуниялъул суалалъ. Гьеб рахъалъ республикаялда гьабураб гӀемераб хӀалтӀи бугин абуна ГӀабдулатӀиповас. Рехсон руго цӀиял рарал сахлъи цӀуниялъул бакӀал. Гьезда гьоркьоб республикаялъул перинатальный центр. Гьебго заманалда бихьизабулеб буго онкологиялъ, рекӀел унтабаз унтарал цӀикӀкӀунел ругин, гьединго лъимал хвеялъул хӀужаби цӀикӀкӀун кколел ругин.

ХитӀабалда кӀвар кьун буго гӀолилазул политикаялъул суалазде. Нилъеда бихьула гӀолеб гӀелалъе тарбия-лъай кьеялде республикаялда кьолеб кӀвар. Рагьана гьеб хӀалтӀи лъикӀ гӀуцӀи мурадалда гӀолилазул ишазул рахъалъ министерство. ХитӀабалда бихьизабулеб буго, гьеб рахъалъ гьабулеб цо къадаралъул хӀалтӀи бугониги гьеб гьоркьоса къотӀичӀого гӀуцӀизе кколеблъи. ГӀолеб гӀелалъулъ нилъер умумузул лъикӀал гӀадатал куцазе кколеблъи, гьел культурияб, лъаялъулаб, хьвада-чӀвадиялъул рахъалъ церетӀураллъун куцай букӀинабизе ккей.

ГӀабдулатӀиповас хасаб кӀвар буссинабулеб буго гӀолеб гӀел наркотиказде ругьунлъулел рукӀиналде. Гьединал квешал рахъазде лъимал цӀачӀого рукӀине, гьел спорталдехун, махщел ва лъай камил гьабиялдехун руссиналъе къойилаб хӀалтӀи гьаби буго нилъер масъала. Гьеб рахъалъ шартӀал гӀуцӀи мурадалда Гумбет районалда ран лъугӀана щуго футбол хӀалеб байдан, разе байбихьун буго жеги анлъгоги.

2017 сон Президент Путинил Указалда рекъон лъазабун буго экологиялъул лъагӀеллъун, гьеб ракӀалде щвезабулеб буго ХитӀабалда. Гьелда хурхун нилъеда киназдаго тӀадаб буго гьаб сон кколеб даражаялда нухда регӀизе.

Районалда гӀуцӀун буго хасаб план гьеб экологиялъул сон тӀобитӀиялъе. Гьеб битӀун буго щибаб учреждениялде, организациялде. ЛъикӀаб букӀина гьеб щибаб бакӀалъул шартӀазда рекъон гӀатӀид гьабизе ва тӀубазабизе. РакӀалда буго Лъабрикьудаса Сагъибе щвезегӀан ва цогидал нухлул рагӀалабиги гъутӀби чӀун гӀурччин гьаризе. Гьелъиеги щивас квербакъи гьабизе ккела.

Хасаб кӀвар ХитӀабалда буссинабун буго бакӀалъул самоуправлениялъул хӀалтӀуде. Муниципалияб даражаялда тӀуразе кколел масъалаби гӀемер рукӀин бихьизабулеб буго. Гьеб гьитӀинаб бизнесалъе ресал, рукӀа-рахъиналъул шартӀал пачалихъиялгун муниципалиял хъулухъалдаса пайда босизе ресал гӀуцӀи ва цогидалги тӀаде ккола муниципалиял органаздеян бихьизабулеб буго ХитӀабалда. Хадубккунги гӀадамал ругьун гьаризе ккола МФЦялдасан пайда босизе, электроннияб системаялдасан пайда босизе.

ГӀадамахъе республикаялда ва Россиялда гьарулел ругел хиса-басиязул магӀна, пачалихъияб политика щвезабиялъулъ аслияб бутӀа тӀаде ккола информациялъул алатаздеян тӀад чӀей гьабулеб буго ХитӀабалда. Гьеб рахъалъ районалда хӀалтӀи цо къадаралъ лъикӀлъана. ХӀажат буго хадубккунги информация гӀадамахъе щвезаби дагьабги лъикӀ гӀуцӀизе. Гьелъулъ щивав хъулухъ тӀубалесулги букӀине ккола квербакъи. Кьезе ккола бугеб информация газеталда бахъизе, телевидениялдасан бихьизабизе, официалиял сайтазда лъезе.

ХитӀабалда бихьизабулеб буго Дагъистан ва тӀолго Россия цебетӀей букӀунарин гьелъулъ живас бажарараб бутӀа лъечӀони. Гьениб цӀикӀкӀараб бакӀ кколин

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Щибаб гIарзаялъул мухIканго халгьабизе буго

### ОМВДялъ лъазабулеб буго

**2014 соналъул 29 августалда къватIибе бачIараб Россиялъул МВДялъул №736 буюрухъалда рекъон, Гумбет ОМВДялда тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял (телефоналъ, факсалъ, интернеталъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб) сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе.**

ГIарзаялъул халгьабизе чIезабураб заман буго (3 сордо-къо, 10 сордо-къо захIмалъиялъухъ балагьун).

Живго гIарзачи вачIани, гьесухъе кьезе бихьизабун буго «талон-уведомление» абураб документ, жинда жаниб лъица къабул гьабураб, щиб номералда регистрация гьабураб, кида къабул гьабураб бихьизеги гьабун.

Нужер щибаб гIарзаялъул мухIканго халгьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасил лъазабизеги тIадаб буго халгьабулев хIалтIухъанасда, тасамахIлъи, цо рахъалде цIайи гьабичIого.

БичIчIинчIеб суал бугони кIалъазе бегьула:

дежурнияб часталъул телефон: 8 8 727 2-26-204; 8 928 958 08 71; 99-69-12;

отделалъул нухмалъулесул: 8 8 272 26 330; 99-69-11;

нухмалъулесул заместитель: 8 963 795-66-66; 99-69-14.

Республикаялъул МВДялъул божилъиялъул телефон: (8722) 98 – 48 – 48.

**Зулпар МухIамадов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, полициялъул капитан**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Судалъул хIукму букIанищан абураб справка

### ОМВДялъ лъазабулеб буго

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ кьола чиясул судимость буго яги гьечIо абураб справка.

- Гьеб щвезе ккани рачIине ккола ОМВДялде цадахъ паспортги босун. ГIарза кьураб къоялдаса справка кьезе чIезабун буго моцIил болжал. ГIадамал къабул гьаризе чIезабун буго гьадинаб заман:

| График приема граждан | Наименование органа внутренних дел | Адрес | Телефон |
|---|---|---|---|
| Пн 09:00- 18:00<br>Вт 09:00- 18:00<br>Ср 15:00-18:00<br>Чт 09:00-18:00<br>Пт 09:00- 11:00<br>Сб 09:00-18:00<br>Вых. - воскресенье | ОМВД России по Гумбетовскому району | с. Мехельта Гумбетовского района | Инспектор АПиК 99-69-13 |

БичIчIинчIеб суал ккани кIалъазе бегьула гьал номераздe: 99-69-13. (8928 525 05 82)

**Зулпар МухIамадов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, полициялъул капитан**

СОЦИУМ

# Подписан договор подряда на выполнение кадастровых работ по автодороге

### Встреча директора филиала МФЦ с руководством села Гадари

**В рамках проводимых мероприятий по информированию населения района о порядке функционирования центра «Мои документы» директор филиала многофункционального центра (МФЦ) по Гумбетовскому району встретился с главой села Гадари Газимагомедом Османовым и его заместителем Магомедом Магомедовым.**



Директор центра ознакомил собеседников с непосредственной работой МФЦ, с порядком предоставления государственных и муниципальных услуг, рассказал о преимуществах и удобствах при оказании услуг непосредственно в помещении МФЦ.

В рамках встречи подписан договор подряда на выполнение кадастровых работ по автодороге сельского назначения. Стороны изъявили желание об улучшении сотрудничества в рамках межведомственного взаимодействия при предоставлении муниципальных услуг и договорились о сокращении сроков различных административных процедур.

Глава села отметил удобства предоставления услуг в помещении МФЦ. «Площадка МФЦ является очень востребованным элементом в структуре социальной поддержки населения района» - заявил Газимагомед Османов. «Обращение в МФЦ никогда не остается не замеченной, мы всегда получаем квалифицированную и своевременную помощь по любым вопросам» - добавил заместитель главы села.

**МФЦ**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# БоцIул ва гIиял къавуда унти ва гьелдаса цIуни

**Дагъистан югалъул гIорхъода букIиналъ Казахстаналдасан, Ираналдасан, Турциялдасан, Азербайджаналдасан, Грузиялдасан гьал ахирисел соназ хIанчIазул грипп, гIиял чанхъил унти, боцIул вирусная диарея, ящур, нодулярный дерматит, бешенство ва цогидалги унтаби раккана.**

Дагъистаналде бича-хисизе гIи-боцIи, хIанчIи ва гьезул продукция бачIунареб бакI гьечIо къватIиса ва Россиялдаса. Гьелъ гьанир батIи-батIиял унтабиги раккулел руго ва гьелъ гIи-боцIи гочиналъе квалквал кколеб буго. БоцIи хун яги цIикIкIараб гIарац кьун дараби росизе ккун магIишатазе зарал кьолеб буго.

Гьале гьанжеги буго ахIи хIанчIазул гриппалъул унти баккун бугилан, бакI-бакIазда нодулярный дерматит бугин цIодорлъи гьабеян, хIинкъи буго чанхъил унти ва ящуралъул.

Лъазаби бачIана Грузиялда ва Азербайджаналда гIиялъ чума абулеб унти баккун бугин цIодорлъи гьабеян ва кIудияб хIинкъи буго гьеб Дагъистаналде бачIинин абун. Чума ккола бахунеб, вирусалъ баккизабулеб, хехго тIаде загьирлъун, хIайван холеб унти. Гьелъ унтула аслияб къагIидаялъ чIегIер хIайванал, гIи-цIани, ганщал, варанаби ва гIадамал. ГIадамасде гьеб бахуна рахьалдасан, гьаналдасан, гьан къотIулаго, хIайван ччукIулаго ва гьеб бахинабула чIутIузги. БоцIулги гIи-цIаназулги унтул гIаламатал цо гIадал руго. Унтула гIи-цIани гьитIинлъи кIодолъи батIалъи гьечIого, амма цIакъго захIмат 2-18 моцI барал. ЦIани хех унтула гIиядаса.

Унти бахиналъе гIилла ккола унтараб хIайван. Унти цоцахъе кьола унтаралда аскIоб букIун, гьаваялдасан, квеналдасан, лъедасан, ратIлидасан, кIалцIи-хералдасан. Унти хасго баккула раччдалаб ва цIадалаб соналъ. ГIиялъ унти баккизе рес буго харил унтаби ва гьезда релълъарал унтабигун цадахъ. Унти тIаде лъазе бала 6 – 15 къо. ЦIакъго унтарал цIаназул температура 41-42 градусалде бахуна, квен тола, магIарзухъан жо чвахула, ченхъола ва бидул риххел щола. Халат бахъуна 4 къоялъ, амма гIемерисел хехго хола. МагIарзухъан хьвердгун жубараб лъамалъи бачIуна, къинал гIи-цIани хIорхуна.

ХIайваназул магIарзул ва кIалзул къватIисеб рахъалда ругънал лъола, гьуърул унтула, бидул риххел щола, тIеренлъула, чорхолъа лъим тIагIуна, бохратIа собола, билълъине кIоларо. Температура тIоцебе цIикIкIуна, хадубалде гIодобе ккола. Ургьимес би речун батула, гьуърул, тIул, къечI кIодолъула. Унти чIезабула лабораториялъул анализазул хIасилалда. Гьеб унтуде данде хасгьабун гIияе бахъараб вакцина гьечIо, гьабула чIегIер боцIуе бихьизабураб вакцина.

ТIоцебе унти баккараб бакIалда бихьизабун буго кинабго боцIи тIагIинабизе ва баккиларедухъ гьабула укол 2 моцI баралдаса, тIомалда гъоркье цо мл. ва иммунитет бачIуна 8 къоялдасан ва цIунула цо соналъ. Унтун сахлъараб хIайваналъ босула гIумрудул иммунитет, амма тIинчIалъ 6 моцIалъул. Гьеб унти баккичIого букIиналда хурхун райадминистрациялъ тасдикъ гьабураб планги буго.

**СайгидмухIамад**
**ГIабдулкъадиров,**
**Гумбет районалъул ветуправлениялъул бетIерав ветеринарияв врач**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес:
368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1327
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.